



## SUFFOLK COUNTY DISTRICT ATTORNEY'S OFFICE DISTRICT ATTORNEY RACHAEL ROLLINS

17 mas 2020

Bonjou Paran oswa Responsab Legal Timoun,

Mwen swete ou menm ak fanmi ou byen, epi nou tout ap kenbe sante nou pandan epòk sa a ki pote bagay nou pa abitye wè. Kòm ou déjà konnen, lekòl yo ap fèmen poutèt COVID-19, epi sa ap lakòz anpil pwoblèm. Mwen menm ki gen twa timoun lekòl, mwen konnen enkyetid ki genyen pou kenbe jenn moun an sante, san danje, ak pwodiktif lè yo gen pou pase anpil tan san ale lekòl. Mwen ekri ou jodi a pou ankouraje ou pale sou kesyon sekirite sou entènèt avèk nenpòt jenn moun ki soukont ou.

Gen posiblite pou, pandan semenn ki pral vini yo, elèv pral pase plis tan anpil sou entènèt. Ant travay lekòl avèk kontak sou rezo sosyal oubyen jwèt, nou ka di déjà pral genyen plis aktivite ki pral fèt sou tout kalite aparèy yo. Biwo mwen an ankouraje ou tabli limit sou tan pou pitit ou sèvi avèk aparèy ak pase devan ekran yo, epi pou ou pale avèk li sou zouti li bezwen pou fè eksperyans pozitif sou entènèt.

Pwogram nou an, ki rele STOP BLOCK TALK (Rete Bloke Pale), gen plizyè jan ki senp ak fasil pou sonje, pou elèv yo navige nan pam danje ki asosye avèk plafòm sa yo. Genyen konsèy ak resous nan dokiman ki mache avèk lèt sa a. Nou ankouraje w anpil pou ou gade yo ou menm, ak pale sou yo ak pataje yo avèk pitit ou. Anplis resous ak rapèl sa yo, genyen **commonsensemedia.org**, yon pòtay entènèt ki bon anpil epi ki ofri chwa ki koresponn avèk laj moun, espesyalman pou fanmi w. Tout zouti sa yo ka ede nan kontwole danje yo, men pa blye esplike pitit ou, pou fè li byen konprann si gen yon bagay ki rive ki parèt dwòl oswa ki fè li pa alèz, li kapab vin jwenn ou pou pale nan yon kote san danje, san ou pa poze jijman sou li. Di pitit ou a ou renmen li, kèlkeswa sa ki pase, menm si li kwè se fòt li.

Nan biwo mwen an, nou wè ka ki montre krim sou entènèt ki ta kapab rete, si moun te aji kont sa pi bonnè. Pifo timoun ki ankòz yo pa te di pèsonn gen yon bagay ki rive, paske yo te pè pinisyon, oswa pè pèdi aparèy yo sèvi a, oubyen resevwa repwòch, ak lòt konsekans ankò. Tanpri di pitit ou li mèt pale avèk ou, pou ou ede l nan nenpòt sikontans difisil, kit se sou entènèt, kit se nan lavi. Mèsi dèské ou pran tan pou koute mwen, ak pou pale sou kesyon sa a avèk pitit ou. Tanpri, pwoteje sante ak sekirite fanmi w. Epi tou si ou kapab, sèvi avèk tan sa a pou fè relasyon ou avèk pitit ou, ak fanmi w, ak moun ou renmen genyen plis valè ak plis afeksyon.

An tout solidarite,

Rachael Rollins  
Avoka Distrik nan Suffolk County